



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL REJWENN EFÒ ADMINISTRATION BIDEN LAN POU AVANSE EKITE POU TI BIZNIS YO NAN KAD ENVESTISMAN 500 MILYON DOLA ATRAVÈ INISYATIV KREDI POU TI BIZNIS YO NAN ETA A

Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif pral ede MWBE ki sètifye nan New York yo devlope kapasite, eksplòre opsyon finansman, ak sekirite aksè ak kapital kwasans

Swiv investisman Federal 501.6 milyon dola pou sipòte rekiperasyon ti biznis apre pandemi an epi ede biznis ki tradisyonèlman defavorize yo reyisi nan ekonomi apre pandemi an

Bati sou angajman Gouvènè Hochul pou sipòte biznis ki posede pa minorite ak fanm yo nan Eta New York

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke New York pral patisipe nan [Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif](#) federal la, ki se yon efò nasyonal ki te dirije pa Depatman Trezò Etazini (U.S. Department of the Treasury) an pou elaji aksè ak kapital pou [ti biznis ke endividi ki sosyalman ak ekonomikman defavorize \(socially and economically disadvantaged individua, SEDI\) posede](#). Anonse pa Vis Prezidan Kamala Harrisa nan mwa oktòb 2022 a, Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif la vize ede ti biznis ki posede pa moun ki soti nan popilasyon ki istorikman defavorize yo epi asire aplikasyon ekitab nan Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta ki evalye a 10 milya dola nan Trezò Ameriken an – kote New York te resevwa plis pase 500 milyon dola ladan. Inisyativ la, ki ap chèche ede MWBE yo jwenn kapital kwasans epi antre nan pi gwo kontra, konplete angajman Gouvènè Hochul pran pou sipòte MWBE yo atravè Eta New York.

"peyizaj biznis New York dwe reflekte divèsite rich nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Administrasyon mwen an angaje l pou l ede kraze baryè sistemik ke biznis ki posede pa minorite ak fanm yo rankontre, epi ak patenarya administrasyon Biden lan, nou ka asire tout biznis yo gen opòtinite pou yo pwospere nan Eta New York."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwogram federal SSBCI a se yon zouti enpòtan pou asire tout ti biznis New York yo gen zouti yo bezwen pou yo reyisi. Aksè ak kapital ak fòmasyon bay biznis yo kapasite pou yo grandi ak pwospere epi nou fyè dèske nou se

youn nan uit eta sèlman yo chwazi pou patisipe nan Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif la, epi fè patenarya ak Founders First pou elaji pòte biznis ki posede pa SEDI yo nan Eta New York."

PDG, Prezidan ak Fondatè Founders First Capital Partners, Kim Folsom, te deklare, "Kòm yon ko-responsab pou Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif, Founders First Capital Partners te lanse Pwogram Finans Inovon pou Founisè pou sipòte Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta yo. Misyon pwogram sa a se gide ti founisè ki sètifye atravè yon eksperyans ki pral amelyore kapasite yo, ogmante sansibilizasyon yo sou finans inovon ak aksè ak kapital. Opòtinite sa a ak Empire State Development sipòte kwasans ekosistèm patnè kolaboratif la ki enpòtan anpil pou ti founisè yo sekirize kapital kwasans yon fason ki efikas."

Empire State Development te fè patenarya ak Founders First Capital Partners, ki pral ogmante yon seri modil videyo sou demann atravè pwogram edikasyon Paspò pou Finansman yo, ki fèt pou ede konpayi ki posede pa SEDI yo konprann ak simonte obstak komen nan kad preparasyon pou finansman. Anplis de sa, yo pral fè yon evalyasyon konplè sou MWBE k ap patisipe yo, epi tou depann de bezwen konpayi an, yo pral relye yo ak yon CDFI k ap patisipe yo pou yon pi bon aksè ak pwogram prè SSBCI Eta a. Modil edikasyon sou demann sa yo pral prepare biznis sa yo pou yo grandi ak ogmante finansman lè yo fè yo okouran de pyèj potansyèl ki anpeche kapasite yo jwenn finansman. Pou plis enfòmasyon, vizite <https://funding.foundersfirstcapitalpartners.com/nyesd-sifp>.

Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul a, Eta New York ap dirije nasyon an ak yon pousantaj itilizasyon 32.3 pousan nan itilizasyon MWBE yo nan kontra eta li yo. Yo te akòde apeprè 3 milya dola kontra Eta a bay antrepriz MWBE yo pandan peryòd ane fiskal 2023 a, ak prèske 29 milya dola nan kontra eta a yo te bay MWBE yo depi 2011. Anplis de sa, resous Gouvènè Hochul te bay nan Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2023 a, te pèmèt ESD elimine reta sètifikasyon ki la depi lontan, ki te deja pran 499 jou. Pou aprann plis sou kijan pou w vin MWBE sètifye, vizite <https://esd.ny.gov/doing-business-ny/mwbe>.

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Mwen te goumen pou mete gwo finansman pou Inisyativ Kredi pou Ti Biznis yo nan Eta a nan Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan, ARP) mwen an, ki te bay plis pase 500 milyon dola pou ti biznis New York yo. Kounye a, finansman federal ap sipòte pwogram kle yo, tankou 'Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif la', ki asire ke ti biznis ak biznis ki defavorize atravè Empire State la ka rebati ekonomi lokal nou yo, investi nan endistri kle yo, epi ranfòse chèn apwovizyonman domestik nou yo, pandan y ap kreye travay ki byen peye ak diminye depans nan kominote ki pi bezwen li. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan bati ti biznis ak baz manifakti eta a epi mwen pwomèt pou m kontinye bay asistans federal nan New York pou ankouraje avni ekonomi nou an."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Anons sa a ke New York pral patisipe nan Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif federal la se yon nouvell enkwayab. Sa a se yon

pwogram vital ki pral ede pwopriyete ti biznis ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik pou jwenn aksè ak resous enpòtan yo. Mwen fyè pou m sipòte angajman Gouvènè Hochul pran pou avanse ekite pou ti biznis yo epi mwen pral kontinye goumen pou bay resous federal yo pou pwopriyete biznis New York yo."

Reprezantan Nydia Velázquez, te deklare, "Ti biznis yo fòme kolòn vètebral ekonomi nou an nan New York ak nan tout peyi a. Malerezman, done prè yo toujou montre ke biznis ki posede pa minorite yo ap lite pou jwenn aksè ak finansman yo bezwen pou yo pwospere. Patisipasyon New York nan Inisyativ pou Antreprenarya Enklizif la pral ede ogmante sipò pou antreprenè ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik nan eta nou an epi asire aplikasyon ekitab Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta istorik la."

Konsènan Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta New York la

Yo deja atribye plis pase 500 milyon dola nan finansman federal pou sipòte rezijans ti biznis yo atravè Eta New York atravè Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta yo (State Small Business Credit Initiativ, SSBCI), yon pwogram atravè Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an. Jere pa Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of Treasury) an, SSBCI bay fon pou sipòte pwogram pou ti biznis yo, ki gen ladan biznis endividi ki defavorize sosyalman ak ekonomikman (SEDI) posede ak biznis ki trè piti (very small businesses, VSB) yo, pou rekipere anba konsekans ekonomik COVID-19 la epi pèmèt yo gen opòtinite pou yo reyisi nan ekonomi apre pandemi an. Avèk finansman sa a, Empire State Development (ESD) devlope yon seri pwogram aksè ak kapital ak ekite pou ede ti biznis Eta New York grandi ak reyisi. Aprann sou pwogram SSBCI sa yo ke Empire State Development te etabli nan esd.ny.gov/ssbci.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)